

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi nu geus dipedar saméméhna ngeunaan wujud kalimah éksprésif, adegan kalimah éksprésif, jeung harti kalimah éksprésif dina téks paguneman siswa kelas VII SMPN 12 Bandung taun ajaran 2017-2018 bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

Kahiji, dina ieu panalungtikan kapanggih 165 kalimah nu nyangkaruk dina téks paguneman siswa kelas VII SMPN 12 Bandung taun ajaran 2017/2018. Tina 165 kalimah kapanggih 80 kalimah éksprésif, kapaluruh 24 (30%) kalimah éksprésif sampurna jeung 56 (70%) kalimah éksprésif teu sampurna.

Kadua, adegan kalimah éksprésif nyaéta papasingan kalimah dumasar kana strukturna. Adegan kalimah éksprésif dibédakeun jadi kalimah sampurna jeung kalimah teu sampurna. Dumasar kana hasil analisis data lolobana kalanggih kalimah éksprésif dina adegan teu sampurna nyaéta 24 kalimah sarta sésana mangrupa adegan kalimah teu sampurna nyaéta 56 kalimah.

Dina kalimah sampurna miboga 4 pola kalimah nyaéta Pola 1.  $K S \rightarrow J + C$  anu kabagi jadi 3 subpola, kapaluruh 5 kalimah éksprésif; Pola II.  $K S \rightarrow K \text{ plk} + J + C + U$  anu kabagi jadi 2 subpola, kapaluruh 2 kalimah éksprésif; Pola III.  $K S J + C + \text{Pang}$  anu kabagi jadi 2 subpola, kapaluruh 2 kalimah éksprésif; jeung Pola IV.  $K S \rightarrow [K \text{ plk}; K \text{ paréntah}; \text{Vok} + \text{Konj}] + J + C$  anu kabagi jadi 2 subpola, kapaluruh 3 kalimah éksprésif; Pola V.  $K S \rightarrow [K \text{ plk}; K \text{ paréntah}; \text{Vok}; \text{Konj}] + J + C + \text{Pang}$  anu kabagi kana sapola, kapaluruh 2 kalimah éksprésif.

Dina kalimah teu sampurna miboga 5 pola kalimah nyaéta Pola I.  $K T S \rightarrow K$  panyeluk ( $K \text{ plk}$ ) kabagi anu jadi sapola, kapaluruh 15 kalimah éksprésif; Pola II.  $K T S \rightarrow \text{Caritaan (C)}$  anu kabagi jadi sapola, kapaluruh 2 kalimah éksprésif; Pola III.  $K T S \rightarrow [K \text{ plk}; K \text{ paréntah}; \text{Vok}; \text{Konj}] + C$  anu kabagi jadi 9 subpola, kapaluruh aya 17 kalimah éksprésif; Pola IV.  $K T S \rightarrow [K \text{ plk}; K \text{ paréntah}; \text{Vok}; \text{Konj}] + C + \text{Kat}$  anu kabagi jadi 2 subpola, kapaluruh kalimah 2 éksprésif; jeung

Pola V. K T S [K plk; K paréntah; Vok; Konj] + C + Kat anu kabagi jadi 7 subpola, kapaluruh 8 kalimah éksprésif.

Tina hasil analisis, sésana kapanggih dina pola C + J + C + U; C + K plk; Pang + J + C; Kplk + J; K plk + C + K pny; J + K plk + J + C + K plk; K plk + J + Kat jeung K plk + C + U + K pny.

Katilu, harti atawa ma'na kalimah éksprésif mangrupa papasingan kalimah éksprésif dumasar kana harti kalimah éksprésif dina téks paguneman siswa. Dumasar kana hasil analisis kapanggih 10 harti pragmatis kalimah éksprésif. Lalobana kapanggih kalimah éksprésif anu harti pragmatisna pangajak jumlahna aya 19 (23,75%). Ku lantaran siswa lalobana nyokot téma paguneman nalika kerja kelompok anu biasana loba ngandung kalimah ngajakan. Sésana dina harti pragmatis karumasaan, keuheul, ngucapkeun salam, kagét, ngawilujengkeun, tumamprak, cumeluk, cumeluk dibarung keuheul, jeung bungah.

Katitén tina hasil panalungtikan dumasar adeganana, lalobana dina kalimah éksprésif teu sampurna aya 56 kalimah (70%). Sedengkeun dumasar kana hartina, lalobana dina hari atawa ma'na pangajak aya 19 kalimah (23,75%).

## 5.2 Saran

Ieu saran atawa rékoméndasi ditujukeun pikeun pihak-pihak nu patali jeung ieu panalungtikan nyaéta pikeun panalungtik satuluyna ogé pikeun guru di sakola. Panalungtik satuluyna dipiharep bisa ngamangpaatkeun tina hasil panalungtikan sangkan bisa jadi hiji tatapakan pikeun panalungtikan anu leuwih jembar. Guru dipiharep bisa ngamangpaatkeun hasil panalungtikan sangkan ngarojong kana pangajaran, lantaran dina ieu panalungtikan geus ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan nulis téks paguneman.

Ieu panalungtikan masih aya kakurangan. Patali jeung éta hal, aya sawatara saran saperti ieu di handap.

- 1) Ieu panalungtikan medar kalimah éksprésif dumasar kana struktur jeung harti pragmatis dina téks paguneman siswa. Ku kituna, masih perlu diayakeun panalungtikan séjénna ngagunakeun élmu séjénna.
- 2) Perlu dilaksanakeun deui panalungtikan nu museur paniténan atawa dipatalikeun kana pangajaran basa Sunda di sakola.

- 3) Dipiharep ieu panalungtikan bisa ngarojong kana prosés diajar nulis téks paguneman di sakola.

**Febria Pra Fitriyanti, 2018**

*ADEGAN PRAGMATIS KALIMAH ÉKSPRÉSIF DINA TÉKS PAGUNEMAN SISWA KELAS VII SMPN 12 BANDUNG  
TAUN AJARAN 2017/2018*

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](https://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](https://perpustakaan.upi.edu)